PANGAOS LANGGANAN: 1 sasih f 1.70, sakwartaal f 5.— loear Indonesie 7.50, pembajaran ti pajoen.

Drukkerij di Pasarstraat 36. Telefoon No. 51 Tasikmalaja.

# „SIPATAHOENAN"

— — Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun — —

Hoofdredacteur BAKRIE SOERAATMADJA
Redacteur di Bandoeng MOHAMAD KOERDIE

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitskantoor „de Globe" N. Z. Kolk 19 Amsterdam, M. K. Wigoena Lammerslaan No. 1 Mr. Cornelis, Karnasoedirdja Gang Mantarena Bogor, Soetadiredja Regentsweg 86 Tjiandjoer, Gaos Soemadisastra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, sareng D. Wirianata di Tjiamis.

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—. Harga langganan badami

Redactie & Administratie Stopplaats Aloen-aloen No. 4 Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 169 | Oenggal Saptoe PELET p.pl. f 1.- | Djoema'ah 31 Juli 1931 — 15 Moeloed 1350 | Oenggal Saptoe PELET p.pl. f 1.- | Taoen ka 8

## Ngabela bangsa djeung lemah tjai

Mimiti tjek-tjok di Eerste Kamer antara njonja Pothuis djeung minister de Graaff tina perkara kaajaanana Ir. Soekar no di boei Soekamiskin. Sakoe maha anoe geus dimoeat, tjek minister de Graaff, Ir. Soekar no teh lain sakitan politiek, ta pi anoe dihoekoem kalawan make alesan boekoe oewet, sar ta djaba ti kitoe teh dipandja rana di boei model (poegoeh aloes djeung weuteuh keneh! Red.) Tina perkara ieu keneh Mr. Schrieke, directeur Justitie geus njeboetkeun, jen lamoen matak goejoer bae mah (fractie Nationaal) geura robahan bae boekoe oewetna, da diboeina oge Ir. Soekarno teh noeroetkeun boekoe oendang oendang. Soegan tea mah rek tjoekoep koe sakitoe, na atoeh ari djol teh aja keneh bae noe matak pikareheeun teh Sawa tara poe katoekang koran Java Bode geus ngamoeat gambar tjoerat tjaret (caricatuur), anoe maksoedna teu koerang teu leu wih ngagambarkeun djero ka mar (maksoedna mah boei), sa kitan inlander andekak dina korsi, njereboeng oedoed soe roetoe, dilaladenan (dikawoela an) koe hidji Walanda (sipir), anoe pohara hormatna, mani bengkoeng kawas arit. Djaba ti korsi djeung medja teh, di djero eta kamar aja gambar toean De Dreu, sirahna di beulitan kekembangan (krans).

Sakitoe aloesna gambar paeh Java Bode teh!

Koe oerang sarerea kaharti, maksoedna teu beda djeung Schrieke, njoengkoen kana pa menta oerang, anoe tjek rara saan mah asa moenasabah pi san! Bener mimiti mah dikeu nakeun ka toean De Dreu, tapi toengtoengna atawa saenjana mah nja ka oerang oerang keneh bae, doemeh ngalobakeun pertanjaan ka pamarentah tina hal kaajaan Ir. Soekarno di djero boei djeung menta hak noe samistina, sakoemaha koedoena hidji pamingpin rajat dioeroes na di boei enggoning njorang hoekoeman.

Dihoekoem lantaran menta hakna, disaroeakeun djeung anoe dihoekoem lantaran njo kot noe lain hakna. Toe kang tjopet maling erlodji ba toer, lain hakna!

Hoekoemanana kitoe! Naha Ir. Soekarno oge rek kitoe bae? (Ieu mah sakadar perbandingan anoe leuwih sidik!). Padahal, kapan ari ngabela bangsa djeung lemah tjai teh, menta hakna si bangsa tea, hidji pa maksoedan atawa pagawean anoe pohara moeljana. Ieu dianggap lain koe hidji doea bangsa bae, tapi koe sarerea, malah koe moesoehna oge la moen moesoehna anoe sinatria mah kalakoean kitoe teh katji da dihargaanana. Ti djaman lalakon wajang keneh, oepama lalakon Rama Widjaja, taladjak na satria kitoe teh koe oerang geus ka panggih.

Waktoe Rahwana bobor kara hajoean dina medan pangpera ngan, koe moesoeh gerotna (Ra ma Widjaja) pohara diadjenana na, dipoedji leber wawanen, gagah, koekoeh enggoning nga bela nagara, bangsa katoet ra djana, ngorbankeun sagala noe beunang didjieun korban, ma lah nja nepi ka njawa pisan di na perloena mah teu boeroeng dipitjeun. Saha noe teu rek nga hargaan kana maksoed soetji kitoe?

Dina perang doenja (1914—1918), kabojongna djendral Le man (Belgie) koe barisan Djer man teh dina keur kapioehan, djadi keur teu inget di boemi langit. Ana lilir maksa ka moe soehna menta dileupaskeun deui, lantaran lamoen djeung kajakinan mah moal nepi ka kabojong, kadjeun paeh ti ba tan koedoe serah bongkokan! Koe kasatriaanana djendral Von Hindenburg (Djerman), toer moedji kana wawanenna si moesoeh tea, djendral Leman dileupaskeun deui, dipoedji ba ri pedangna dipoelangkeun! Pendekna henteu koerang la moen oerang rek njokot tjonto saroepa roepa mah!

Toeh geuning sakitoe moe soeh oge ari sinatria djeung sehat pikiranana mah!

Koemaha ari di oerang?

Noe nobros bilik poelitik harkatna disaroeakeun djeung noe ngorowot pe sak batoer!

Java Bode! Gambar andjeun moal telep djadi gambar bae!

Tjatet dina oeteuk sarerea!!

### Marhaen perloe koedoe njaho.

Geus kadoea kali djeung ajeu na, ajana Rengrengan Regentschapsraad.

Waktoe milih leden kadoea kali, tangtoe rea leden noe teu kapilih, djeung aja oge noe tetep (kapilih) deui.

Sanadjan sim koering henteu bisa njaho kaajaan leden R. R. sa Pasoendan, tapi ari koe be dja bedja bae mah ngoeping, babakoena dina „Sipatahoenan" sok njaritakeun jen noe dipilih djadi leden R.R. teh, karereana na golongan B. B. Ambtenaren bae, ari ti sedjen golongan mah saeutik pisan.

Ari noe dipilih djadi leden R. R. teh, boh golongan B. B. Ambtenaren boh golongan se djen, geus dianggap sebagai wa wakilna somah, sarta somah geus neundeun kapertjajaan ka noe djadi leden, pikeun ngoendjoe keun naon noe djadi kahajangna djeung pangaboetoehna „somah".

Salila djadi leden R.R. pitjoe an rek meleng djeung talobeh, tapi saratna koedoe ati-ati djeung goemati sarta koedoe awas pa non seukeut pangroengoe, eng goning ngadjalankeun kapertjaja an somah.

Tapi katjida pisan handjakalna, di inget-inget salilana aja Reng rengan R.R. komo di Pasoendan saeutik pisan noe sok daek nga beberkeun oleh oleh dina waktoe „R.R. vergadering", koe sabab kitoe tangtoe bae somah oge saeutik pisan kanjahona naon naon noe dibeberkeun [ditjarita keun] koe R.R. dina waktoe zitting.

Sa Pasoendan leden bangsa Indonesier, karesanana leden bangsa Soenda, djeung di oenggal oenggal Regentschap, hidji atawa doea mah geus koedoe aja noe langganan soerat kabar Soenda, nja eta „Sipatahoenan" koe emoetan katjida hadena oenggal oenggal res zitting R R., dibebe keun dina s.k. Sipatahoenan, soepaja „Marhaen" njahoeun, oelah sagala teh boeta toeli pisan.

Kitoe deui tangtoe kanjahoan leden noe sok sagala „voor" atawa sagala „soemoehoen da woeh", deui kanjahoan leden noe sok "noendoetan" djeung leden noe" tandang „sarta rea" kongkorongok na „enggoning ngabela kapen tingan somah anoe matak Mar haen perloe koedoe njaho, sabab kahareupna rek ditjirian, dima na nitenan pilihan leden deui, Marhaen bisa „tjaringtjing" djeung „ati ati" moal beunang dibobodo, soemawonna noeroet koe rindat djeung sieun koe ngatjoengna tjoeroek mah.

Lamoen noe djadi leden roe masa pangna djadi „lid" teh, diangkat koe somah, sarta roe masa djadi kapertjajaan somah, wadjib koedoe sosoa sosonna teh, oelah ngarah „zitting geld", bae.

Saperak ngantongan doeit zit ting, saketjap ngaloearkeun omo ngan pikeun kapentingan so mah, leuwih gede hartina sake tjap keur somah.

Kapan ajeuna mah sagala oge koedoe terang terangan, teu meunang sallingkoeh, teu aja deui djalanna pikeun mere te rang ka somah, ngan koe djalan soerat kabar.

Sanadjan somah di Pasoendan, tatjan matja kabeh oge kana s.k. Sip., tapi gede pisan hartina oepama dibandingkeun djeung soerat kabar noe sedjen.

Demi Sipatahoenan, kapan soerat kabar basa Soenda, boga na oerang Soenda, noe tangtoe dipikaresep koe somah bangsa Soenda.

Oelah ngingetkeun dikaheseanana njieun „verslag", tapi koe doe inget kagoenaanana eta „ver slag" pikeun dikanjahokeun koe Marhaen sakoemna.

Deui, oepama sering dibeber keun dina s.k. mah, malah man dar ka leden noe sok sagala „voor", sagala „soemoehoen da woeh" atawa noe sok „noendoe tan kalah ka heuaj bae", soegan bisa malikir, laoen laoen tangtoe ngarobah tina kakalироeanana.

Balik-balik naan lamoen ka ajaan leden kitoe haloeanana, toetoer djadi kangeunahan sala wasna, lamoen diantep.

Para dinoeragan leden R. R. tjing saleh saoerang noe kersa njieun verslag, ensikeuneun kana Sipatahoenan, geura mimitian ti ajeuna, sabab Marhaen keur halabhab bedja ti masing-masing djagona.

Lamoen sagala noeroetkeun ka wegah, naon tandana njaah ka somah.

Sipatahoenan moal bosen na dahan koe bedja ti Regentschap raad, dapon bedja tea anoe pata li djeung kapentingan oemoem sarta ringkes.

Mangga geura uremoetkeun!!!

Petjoet.

## Atikan

### Perdjagian orok noe nembe lahir.

Kabiasaan di oerang teu ke nging njajagikeun nanaon, same meh orok lahir, kasieunna bilih teu salamet. Oepami orok pa rantos di loear, nembe doedoek dadak naon anoe perloe.

Moenggoehing di bangsa deu ngeun mah, teu aja perkawis sieun teu salamet, ti bobot 7 sasih parantos sasajagian saper tos: kasoer alit, bantal kadjang, popok (luiers) goerita sareng raksoekan alit.

Masing-masing bangsa pada ngagadoehan adat istiadat sora ngan, sareng henteu perloe adat istiadat kabangsaan dileungit keun, namoeng adat koeno anoe teu aja misilna laoen-laoen oge itjal oepami parantos madjoe sami ngartos.

Kedah ngemoetkeun geuning anoe sasajagian ti samemehna babar oge teu boeroeng salamet, asal kenging perdjagian sareng pertoeloengan anoe sampoerna nalika samemehna sareng wak toena babar.

Teu kinten perloena nganase hatan ka sakoemna kaoem iboe jen sasajagian samemehna babar teh aja matakna, malah ngenteng keun noe aja. Geura diambrek disakalikeun mah baranggaleuh teh ageung artosna. Oepami sasasih saroepi-saroepi, teu ka raos parantos compleet. Sala djengna langkoeng oetami oepa mi sajagi baskom ageung saboen, andoek noe roebak sareng noe leuleus, sindjang-sindjang teu kedah sae asal beresih.

Tempo-tempo sok aja kadja dian orok lahir samemeh noe noeloeng (vroedvrouw) dongkap. Kapaksa kedah ditoeloengan koe noe aja di boemi atanapi koe tatangga saha bae noe aja. Koemaha oepami aja kadjadian kieu?

I. Oerang noe noeloeng ke dah ngabersihan iroengna sareng bahamna orok, nja eta soepados oelah njeuseup kokotor dimana eta orok ngawitan narik napas; ngabersihanana kenging koe sa poetangan atanapi koe lamak anoe leuleus sarta beresih.

II. Oepami orok teu tiasa tjeu rik kedah ditjeurikan, perloena soepados tiasa narik napas anoe tjoekoep, margi oepami tjeurik na tarik, djadi bajah na tiasa beu kah kasoepan hawa. Salamina orok masih keneh aja di lebet, bajahna teu atjan aja goenana. Samemehna dilahirkeun orok teh kengingna saneskanten anoe perloe ti iboena, djalanna tina tali-ari-ari teras kana bali. Bali njeuseup getih ngabersihan ge tih, njeuseup sari-sarina katoe angan; saneskanten anoe perloe pikeun hiroepna, pikeun ngage dean badanna orok. Nanging oepami parantos lahir eta orok kedah narik napas nganggo ba jahna sorangan, njakitoe deui barang tedana nganggo bahamna. Djadi oepami bali parantos teu aja goenana engke oge kaloear sorangan.

Biasana orok nembe lahir sok ngotjeak sorangan, nanging oepa mi teu tiasa tjeurik sareng roe pina geunteul kedah diteunggeul boedjoerna bari diporeatkeun.

III. Orok kedah diboengkoes koe sindjang soepados oelah ka tiisan, didjagi tali ari-arina oelah katarik tarik; samemeh diteuk teuk poeseurna kedah ditjaket keun ka iboena, oepami katarik tarik tiasa djadi pegat, oepami pe gat poeseurna tangtos kaloearan getih ti badanna orok. Ajeuna oerang kantoen ngantos ngantos dongkapna anoe bade noeloeng. Ieu noe parantos ditjarioskeun teh perkawis lahirna orok noe biasa (normaal). Oepami noe teu biasa mah ngan Dokter sa reng Vroedvrouw anoe tiasa noe loeng. Djadi naon anoe parantos diterangkeun teh, njaeta pikeun pertoeloengan saheulaanan anoe saban djalmi tiasa ngadjalankeun.

Koemaha oepami Vroedvrouw noeloeng noe babar, ieu oge sapertos kitoe bae. Samemeh di pakeanan dioeroes heula, oedel na diboengkoes nganggo gaas, dipoeroelockan dermatol saeutik teras digoeritaan, ajeuna nembe dipakeanan. Di oerang parantos tjekap nganggo badjoe sareng po pok woengkoel, ngan oepami di tempat hawa tiis perloe diboe len deui nganggo pernel.

Oepami parantos rengse nem be diebogkeun dipisahkeun ti iboena dina wieg atanapi dina kasoer alit nganggo kadjang. Perloena noe mawi dipisahkeun ka I tiasa kadjadian katindihan oepami iboena koelemna poe les, ka II soepados oelah pa tjampoer, margi orok mah gam pil pisan katerap kasawat kasa wat noe noelar, sapertos: pileg, batoek, boedoeg s.d.t. eta.

Moerangkalih anoe dipertjan tenkeun ka rentjang sajaktosna henteu sae, margi rentjang ka seuseueuranana teu kenging pa ngadjaran, teu terang "I opvoe ding, teu terang kana panjakit noelar henteuna, teu terang na on noe pibahjaeun pikeun moe rangkalih, katerangna asal boe dak repeh bae, biasa diasis sa reng ditoeroet sakahajang boe dak.

Engke koemaha kadjadianana? Anoe tangtos tea djadi moerang kalih aleman, basangkal teu kaopan.

Koe margi eta sedeng dileu ngitkeun kasakit oerang sok resep ngangais, kedah ditoema nan ti oorok sina sare sorangan, dibiasakeun oelah dipapangkoe, ditjajandak dina waktosna nje sep sareng bade disalinan, lang koeng gampil teurakna opvoe ding oepami ditoemanan ti oorok.

Moerangkalih kedah noeroet ka sepoeh, doegi ka eta boedak tiasa mikir sareng digawe sora ngan. Oelah sepoeh noeroet keun kana kahajang boedak.

Perkawis ngadjar moerangka lih teh henteu gampil. Namoeng oerang sadaja perloe ichtiar koemaha saena.

## Gentra Istri

### Verslag kempelan „Panggeuing Istri".

Dina dinten Minggoe ping 26 Juli 1931, di adegan H.I.S. istri Pasoendan di Poengkoerweg No. 12 diajakeun kempelan istri istri, nja eta bade ngadegkeun perkempelan moerangkalih istri Soenda, noe diwastaan „Panggeuing Istri".

Ieu perkempelan nja eta jeugd organisatie ti „Pasoendan Istri."

Noe saroemping sepoeh sa reng moerangkalih kinten aja 50 djalmi.

Demi eta kempelan istri nga witan diboeka taboeh $^{1}/_{2}$ 10.

Djrg. Roemsari teras njarios, ngawitan nganoehoenkeun kanoe saroemping sareng bari moendoet ditawakoep, wireh kempelan elat diboekana, dina serat oendangan disebatkeun bade $^{1}/_{2}$ 9 koemar gi aja wagelan, djadi elat.

Tidinja teras njarioskeun mak sadna eta perkempelan noe di wastaan „Panggeuing Istri", nja eta bade ngadeudeul ka sepoeh sepoeh ngiring ngadjar ka poetra istri. Margi seueur sepoeh-se poeh noe maparin opvoeding ka poetra istri ngan tjekap di sakolakeun bae. Sanes bibisanaan, nanging hojong sasarengan sareng sepoeh-sepoeh ngadjar sareng mere loeang kanoe djadi poetra ngoedag kana kasampoer naan.

Doepi atoeranana: Ngajakeun rengrengan sesepoeh (commissie van toezicht) seueurna 3 elid.

Elid-elid „Panggeuing Istri" dibagi sababaraha dapoeran, oeng gal dapoeran diloeloegoean koe Toegoe, dibantoe koe magang Toegoe. Oenggal 3 dapoeran, sadapoerna tina 8 lid, djadi hidji golongan dikapalaan koe Toegoe Gede, milih tina salah sawios leden Rengrengan Sesepoeh.

Papakem noe koedoe ditjekel koe leden Panggeuing Istri nja eta;

1. Panggeuing Istri salamina kenging dipertjaja.
2. Panggeuing Istri setia.
3. Panggeuing Istri njaah ka sagala mahloek.
4. Panggeuing Istri handap asor.
5. Panggeuing Istri noeroet kana piwoeroek, goemati kana papatah.
6. Panggeuing Istri koekoeh pengkoeh.
7. Panggeuing Istri gemi, bisa djeudjeuh pakeun.
8. Panggeuing Istri ngandel, kendel, wedel.
9. Panggeuing Istri soetji ati na, lemes basana, hade lampahna.

Programma (naon anoe didjoeg djoeg koe Toegoe-toegoe).

1. Maranehanana koedoe tera ngeun saeutik-eutikeun kana ka ajaan hiroep sadjati (werkelijke leven).
2. Maranehanana koedoe bisa hiroep practisch.
3. Maranehanana koedoe in sap, tegesna njaho djeung ngarti pisan naon anoe dipilampah.
4. Maranehanana koedoe te rang kana kawadjibanana dina pakoemboehan djeung dina enggoning hiroep.
5. Maranehanana koedoe te tep djadi istri noe pengkoeh di na kaistrianana.

„Panggeuing Istri" dibagi 2 klas.

Dina klas I: leden koedoe bi sa nohonan kana papakem noe 9 roepi, sareng papakem noe 6 roepi dina pangadjaran practijk na.

Klas II: leden koedoe bisa pi san dina noe disebatan di klas I, djeung koedoe nohonan kana wet wet noe 7 roepi tina pang a djaran practijk noe hese manan ti klas I.

Ari diadjarna oenggal 14 poe sakali karoempoel disala sawi os lid Rengrengan Sesepoeh. Diadjarna practijk koe Toegoe sareng magang Toegoe.

Ari pangadjaran eerste hulp bij ongelukken njoehoenkeun pertoeloengan ti djrg. Dokter. Diajakeun oge Debatingsclub, nja eta soepados leden tiasa ngasah pikiran, tjiri lebet hen teuna pangadjaran sareng boe koe boekoe noe dibatja. Dina sasasih sakali diajakeun excursie bari diadjar practijkna ngadjeu djeuhkeun pakeun. Atoeran nam pi elid Panggeuing Istri noe anjar kedah nganggo Ceremonie, nja eta soepados njerep kana sanoebari lid, sagala noe baris dipapantjenkeun, sarta nganggo perdjangdjian kieu: „Koering sedja soson soson ngamadjoe keun lemah tjai katoet rajatna koe nohonan kawadjiban koe ring dina kaistrian".

Dina sataoen lamina lid lid kedah parantos nohonan kana wet wet sareng practijkna papa kem Panggeuing Istri.

Toegoe Gede aja 4, sareng Toegoe leutik 3, Assistent Toe goe saoerang.

Saparantos poetoes njarios atoeran atoeran Panggeuing Istri sareng teu aja deui noe njarios sareng noe naroskeun, teras nje ratkeun noe djadi lid, sadajana aja 24 lid.

Ditangtoskeun dina kaping 16 Augustus bade kempelan lid lid Panggeuing Istri bari bade dita wadjoehan, tempatna di adegan H.I.S keneh waktosna taboeh $^{1}/_{2}$9 endjing endjing.

Taboeh $^{1}/_{2}$12 teras kempelan ditoetoep.

Bandoeng 27 Juli 1931
De Secretaresse
„Pasoendan Istri"

## Panganggoeran

*Boeng Karno di boei.*

Paingan teuing dina wawatjan ari satria mah sok pandjang la lakonna, Boeng Karno oge meu reun tjek noe tjeurjeubeun mah: „diboei koe diboeina, teu weleh bae djadi boeah tjarita, adoe renjom ti soengoet ka soerat kabar, ti soerat kabar ka Bale Rajat, malah temboes ka nagara dingin, tjek tjok di Eerste Kamer." Entjep oge teu poepoe goeh bae hajang miloe ngawang kong, loemajan ongkoh ma'loem ari kosong mah beuteung oge sok nagih eusi .... sanes?

Tapi naon hartina meunang adoe renjom di mana mendi teh?

Tjek Entjep mah nihil, di hoekoem angger, diboei eukeur, poegoeh deungeun anoe njekel kakawasaan, malah loetjoena teh waktoe Entjep ngaladog ka sisi Tjikapoendoeng, dina koran Preangerboede doeka tanggal sabaraha koerang tenget, ngan atjan sabaraha lilana bae, aja karangan anoe djoedoelna: „Onjuiste verwijtingen." Meureun tjek basa Entjep mah: „Pitenah salah."

Ach enja kitoe?

Di dinja teh, lantaran kontjo oerang loba anoe naajekeun djeung ngamadjoekeun hal ka ajaan Boeng Karno di Soekamiskin ka noe wadjib, menir Schrieke, Direktoer Djoestisi, njoengkoen, madjar maneh teh ari matak retjok bae mah geura robah bae boekoe oewetna.....!

Entjep olohok, bet njoe tjoed ari batoer, dipentaan sa eutik ngasongkeun kabeh, soe roepna mah bari djamedoed....

Tjing lamoen oerang aja noe njoengkoen kitoe rek koemaha?

Tjek Entjep mah: „Kadi eukeun.....!"

ENTJEP

GEDIPL.
Vroedvrouw
NJI R. SOEKAESIH
Tweede Dwarsweg — Garoet
Taja sanes bilih aja kaperloean moegi kersa njatet eta adres.
Baktosna
SOEKAESIH
Inl. Gedipl. Vroedvrouw

# Pangadjaran di Volksraad

Kamari noe Parantos biantarana djrg. Dwidjo ajeuna oerang ngadadarkeun kasaoeran djrg. Soeangkoepon. Saoerna teh, koering parantos matja dina verslag djawaban ti pamarentah jen saenjana soesah pisan pikeun ngadegkeun sakola Mulo anoe basa patokanana (voertaal) basa priboemi.

Ieu kasoesahan memang moal beunang dipoengkir, sabab dioerang teu atjan aja sakola pertengahan djeung sakola loehoer anoe make voertaal basa priboemi, tapi naha koe pamarentah henteu koedoe diingetkeun sarta dipariksa bener² koemaha pibisaeunana laksana ieu kahajang teh ?

Koe djalan make voertaal basa Malajoe, tangtoe pikeun oerang priboemi leuwih babari meunangna pangadjaran, djeung leuwih babari nampana pangadjaran, katoeroeg toeroeg lila lila oge tangtoe keljap keljap anoe teu beunang disalin (technisch) bisa didjieun basa Malajoe.

Kadjaba ti kitoe, eta basa koedoe didjienn basa oepisil di kantor kantor, sarta tangtoe ngentengkeunana roepa roepa ongkos ka goepernemen.

Kamerdikaanana atawa nangtoengna sorangan hidji nagara kapan lain koedoe ngoekoer kana pangartina basa asing, sanadjan basa asing perloe dikanjahokeunana ?

Lamoen hajang ngamadjoekeun oerang dieu, ngahina kana elmoe elmoe tea njerep kana toelang sandina, euweuh deui djalanna kadjaba ti pangadjaran tea koedoe diadjarkeun koe basa priboemi.

Kabeurat kabeurat ti pamarentah tina perkara ngajakeun boekoe boekoena, barang tjetek kabina bina, sabab oerang boga Volkslectuur anoe bakal njalin roepa roepa boekoe.

Noeroetkeun pamanggih andjeunna, leuwih gede paedahna lamoen koempoelan koempoelan di Volksraad make basa Malajoe, sabab koe kitoe teh tangtoe heabna atawa nepina ka rahajat leuwih gantjang.

Sarta djaba ti kitoe, Volksraad bisa leuwih tereh noengtoenna rahajat, tina roepaning noe ditjita tjita tea.

Ngan bae sadjeroning kitoe teh lid Eropa perloe pisan maladjar bener bener tina basa Malajoe, soepaja beuki tereh noengtoenna ka medeleden.

Kana lalamoenan djeung tjita tjita djoeragan Soeangkoepon hal ieu teh, taja petana aja noe teu roedjoek djeung moepakat. da tangtoe karasa koe sarerea pimadjoeeunana djeung pitereheunana, ngan orokaja, loba pisan orokajana.

Eta orokaja teh taja petana djrg. Soeangkoepon lali, moal, ngan bae andjeunna palaj nembongkeun noe djadi angen angen ka pamarentah.

Orokaja noe pangnomer nomerna, nja eta bandingan koloni (k o l o n i a l e   v e r h o u d i n g e n), ieu moal bisa leungit, sapandjang tanah Indonesia djadi tanah djadjahan.

Atoeh lamoen geus aja atoeran tjara tjita tjita eta djoeragan mah, sarta geus djadi pisan, na rek boetoeh koe naon deui, da sagala aja dioerang, meureun kari heheotan.

Kapalaj noe pantar kitoe di oerang mah hidji onmogelijkheid, atawa soeara djrg. Soeangkoepon anoe tadi saroea djeung een roepende stem in de woestijn, moal aja noe ngagoegoe saha noe pingagoegoeeun. Radja lian ngabogaan koloni teh, lain samata mata rek ibadah ngarah gandjaran ti Jang Manon, tapi ngarep kana dah bawang, dah kapas, djoeng djreng; malah tjeuk djoeragan Oto Iskandar mah kalawan harga anoe loear biasa mahalna.

Geura lamoen seug oerang dieu geus sagala pinter koe make djalar basa Malajoe, na rek ka mana oerang ditoe njiarna pakoelian, da koedoe loenta ?

Ari loenta di oerangna njampak sereg, katoeroeg toeroeg koedoe diadjar Malajoe heula Tjik saha noe ngeunah lamoen kitoe kaajaanana ?

Eta, tina perkara pakoelian.

Ajeuna dagang ! Rek ka mana dagangna ? Da pirakoe ari dagang di awang awang mah. sabab mega atawa haseup moal bisa meulian.

Eta mah koedoe pada roebak sisi samping bae !

Kitoe sababna noe matak pengharepan djoeragan Soeangkoepon teh saroea djeung ngarep ngarep oentjal mapal.

Tijnah

## Kiriman

Kahatoer
Djoeragan Hoofdredacteur
Sipatahoenan
di
Tasikmalaja.

Sareng hormat

Patali sareng wartos noe dimoeat dina Sipatahoenan dinten ieu (Senen ping 27 Juli 1931) No. 166, lambaran ka 2 kolom „Priangan“ (Ti Bandoeng), noe nganggo djoedoel „Meunang badami atawa aja noe maling ?“ pribados hatoer oeninga, jen pribados s a m a s a k a l i   t e u   t e r a n g,   s o k   s o e m a w o n t e n   t j a m p o e r   kana eta oeroesan, noe didadarkeun, e s t o e   t e u   m a t s   t e u   m e u l e u m.

Djadi sidik di dieu ngaran pribados d i d j o e a l, atanapi d i a n g g o   p a k a r a n g, koe eta tiloe djalmi tea.

Sadjabi ti eta pribados hatoer oeninga, jen pribados tina hal ieu parantos ngawartosan ka politie di Bandoeng, malah Sipatahoenananana oge dikintoenkeun ka ditoe, soepados ieu hal ditaloengtik.

Hormat pribados
Idih Prawira di Poetra.


# Dipilari

Tiloe goeroe kaloearan Kweekschool pikeun djadi goeroe di sakola Pasoendan di Tjilimoes 1, di Bogor 1 sareng di Meester Cornelis 1, sakola kl. II subsidie.

Soerat lamaran diadreskeun ka
—:— Bestuur —:—
Bale Pamoelangan Pasoendan
P/A
Djrg. AHMAD ATMADJA
— Tasikmalaja. —


## Priangan

### Tasikmalaja.

**M u t a t i e   B. B.   d i   P r i a n g a n   W e t a n.**

Rd. Achmad Wedana district Tjiomas regentschap Rangkasbitoeng [Banten] dipindahkeun djadi Wedana district Bandjar regentschap Tasikmalaja.

Rd. Prawiradanoekoesoemah Wedana district Baloeboer Limbangan regetschap Garoet dipindahkeun djadi Wedana district Karangnoenggal regentschap Tasikmalaja.

Rd. Wiradipoetra Wedana district Singaparna regentschap Tasikmalaja dipindahkeun di djadi Wedana district Soreang regentschap Bandoeng.

Rd. Somawidjaja Wedana district Tjidjoelang regentschap Tasikmalaja dipindahkeun djadi Wedana district Singaparna regentschap Tasikmalaja keneh.

Rd. Wirasoebrata Ass. Wedana ti regentschap Tjirebon benoem djadi Wedana di district Tjidjoelang regentschap Tasikmalaja.

Rd. Kartakoesoemah Ass. Wedana Tjimaragas regetschap Tasikmalaja benoem djadi Wedana di district Bajongbong regentschap Garoet.

**K a t j i l k a a n   b i a s a.**

Nji Ratjem noe oemoerna kakara 7 taoen, oerang kampoeng Babakan (Manondjaja) kapaksa koedoe tatamba di roemah sakit Tasikmalaja, sabab meh saloear awakna pinoeh koe tatoe. babakoena pisan dina sirahna, ari lantaranana sawatara poé katoekang, ieu boedak awewe geus kadoepak mobiel keur manehna aja di sisi djalan. Karoenja !

**D i p a b a l a   k o e   p o p o t o n g a n.**

Nji Djarsih oerang kampoeng Tjikanjere desa Soekamanah [Tasikmalaja] henteu atjan sabaraha lilana aja patjektjokan djeung salakina ngaran Dahromi. Kawas katjida pentingna, saenggeusna tjektjok si lalaki balik ka lemboerna, tapi sampingna Nji Djarsih kabawa. Lantaran Nji Djarsih lebar koe samping, toeloej ieu lalaki teh disoesoel ka lemboerna, atoeh tjektjokna mingkin pohara bae, toengtoengna nepi ka pepegatan.

Kawasna bae, ieu lalaki henteu ngarasa poeas koe nibankeun tolak bae, boektina ieu lalaki geus datang ka imah popotonganana sarta teroes mabala nepi ka dibawa ka roemah skit. Aja aja bae !

**A w a s   t i p o e !**

Henteu atjan lila, djrg. Sardji Stba di Indihiang kadatangan semah noe henteu loma, ngakoena ngaran Raden Warga djad. Ziekenvader di Garoet.

Ari dangdananana ieu semah make tjalana drik, badjoe djas hideung, bendo tjitak batik sisi, make helmhoed, sapatoe hideung make poetis, ari dedegananana djangkoeng hideung sarta begang.

Tjek malajoe tea mah, omong poenja omong, antara semah djeung priboemi, toengtoengna eta semah ngindjeum karetamesin ka priboemi, tjenah ka Ziekenhuis Tasikmalaja heula moal lila.

Tapi ditoenggoe toenggoe geus lila teu aja datang bae. Kareta mesin lapoer semah teu datang deui.

**R e g e n t s c h a p s r a a d**

Tanggal 29 boelan ieu, ngamimitian poekoel 9 isoek R.R. Tasikmalaja geus ngajakeun vergadering tempatna di pandopo Kaboepaten.

Mimitina matja notulen heula Djrg. Proewita Trisna menta soepaja dihadean saoetak saeutik bae. Tina agenda punten, rereana dimoepakatan henteu kalawan ngajakeun setem deui.

Punt ka 12 benoeman Directeur Regentschapswerken di toenda, sabab koedoe dina besloten vergadering.

Samemeh pauze ngajakeun rondvraag heula.

Djrg. Cartobie menta soepaja oeroet kakajaan loemboeng desa djadi milikna desa pikeun kaperloean desa. Timbangan Voorzitter ieu teh koedoe dipoetoeskeun heula koe koempoelan desa.

Wakil ti Karangnoenggal menta soepaja mere tjap Siaga perkara tanah teh, oelah dihesekeun teuing, sabab ngaripoehkeun ka somah. Katerangan voorzitter, ieu teh keur dioeroeskeun.

Djrg.. Karta (Bandjar) menta soepaja gadjihna Loerah noe dina dienst geus leuwih ti 20 taoen koedoe dihadean. Voorzitter menta soepaja aja gegevens noe tjoekoep.

Djrg. Tjakra menta soepaja dengdaan Afd. Bank dileungitkeun, sabab lain somah teu niat majar, tapi memang koe henteu boga bae. Voorzitter nerangkeun, ieu mah lain kawadjiban Regentschapsraad, mending dipenta ka Bestuur Bank bae.

Djrg. Proewita Trisna menta soepaja oeroet njieun sasak di djalan Njalindoeng teh, noe ajeuna henteu atjan dibajar kabeh, lantaran tadina tanggoengan somah tea, ari somah geus teu bisa, menta soepsidi bae ka R.R Bab ieu Voorzitter moepakat, tapi koedoe dipenta koe desa.

Djrg. Karta menta soepaja sasak Tjilonggar dipariksa, sabab saenggeusna eta sasak anggeus dipigawena, njoesahkeun pisan ka noe deukeut ka dinja. Voorzitter njanggoepan, barir sina dipariksa.

Djrg. Karta (Indihiang) menta soepaja kaoentoengan tina Bank desa teh dipasrahkeun ka desa pikeun kaperloean oemoem. Katerangan Voorzitter, bab ieu koedoe dibadamikeun djeung Ambtenaar Credietwezen.

Djrg. Oey njawad noe sataker tanaga kana motor brandspuit, sabab dina waktoena eja kahoeroean tara kaarah pisan gawena. Katerangan Voorzitter ajeuna keur dipariksa soepaja njoemponan kana kaperloeanana.

Djrg. Tan menta soepaja aja djalma noe ngawoengkoel diwadjibkeun kana ngoeroes motor brandspuit tea. Katerangan voorzitter, ajeuna oge aja Monteur, tapi djiganа bae teu atjan paham pisan.

Wakil Bandjar menta soepaja di Bandjar oge, toekang toekang kampa teh ditangtoekeun djalmana. Voorzitter menta soepaja ti Bandjar ngirimkeun voorstel saha noe koedoe ditetepkeunana.

Wakil Bandjar keneh menta soepaja njieun djalan ka kampoeng Lakbok noe pandjangna $3\frac{1}{2}$ Km. Bab ieu baris dibadamikeun deui.

Wakil Bandjar deui bae, menta soepaja polikliniek di Bandjar diover koe Provincie. Voorzitter nerangkeun, bab ieu koedoe dina vergadering Provincie sarta bisa menta toeloeng ka lid Prov. Raad.

Djrg. Oey njempad kana tapakna atoeran hinder ordonnantie, kahajangna soepaja noe henteu matak ngaganggoe mah, oelah keuna koe eta atoeran, sabab eta atoeran teh matak ngagokan kana djalanna oesaha. Komo deui noe geus djalan ti tadina mah, paoesahaanana henteu koedoe diganggoe koe ieu atoeran. Katerangan voerzitter, bab ieu koedoe dibadamikeun deui.

Poekoel 12 vergadering ditoetoep.

**K a u j a d i a n   n o e   m a t a k   n i w a s k e u n   d j i w a   t e a.**

Ngantet djeung noe geus ditjaritakeun kamari, Palantoengan ngabedjaan deui, jen djalma anoe paragat njawana keur ngali soemoer teh ngaran Madsoerni, ditoeloengan koe doeloerna ngaran Madhoerdi. Ieu doea djalma adi lantjeuk maot sapada harita, ari noe sedjen noe pada naroeloengan aja 4 deui, tapi ieu mah henteu nepi ka maotna ngan kapioehan bae henteu eling eling.

Noeroetkeun tjarita noe miloe ngali eta soemoer, keur ngangkat majit tea, tjenah di eta soemoer teh baoe walirang. Bisa djadi di djero ieu soemoer aja gas walirang noe katjida bangetna.

—o—

### Ti Tjiamis.

**K a k o e r a n g a n   s a k o l a.**

Rahajat di bawahan onderdistrict Tjikoneng (Tjiamis) pohara joesna koe pangadjaran, tapi koe noe nanggoeng kawadjiban katjida djiga diapilainkeunana teh.

Tjek bedja Schoolopziener Tjiamis geus ngasongkeun voorstel ka noe wadjib soepaja di onderdistrict noe diseboet tadi keneh ditambahan deui 5 sakola desa, geusan njoemponan pangaboetoehna rahajahat tina bab pangadjaran. Tapi noeroetkeun katerangan koe noe mangkoe di eta tempat, ngan rek diajakeun doea sakola, atoeh tangtoe bae henteu njoemponan kana ieu kaboetoeh.

Tjing koemaha ieu teh djoeragan ?

**T e l e f o o n   d i   B a l e   d e s a.**

Nganteti djeung kaperloean noe katjida pentingna, tjek noe njarita somah di desa Imbanagara geus ngasongkeun voorstel ka noe djadi Loerah soepaja di Bale desa diajaan telefoon. Ieu telefoon lain ngan keur kaperloean desa bae, tapi somah oge di mana aja perloe noe penting kajaning njaloekan dokter, vroedvrouw atawa sabangsana, meunang make eta telefoon, sarta somah njanggoepan sabagian tina telefoon abonementsgeld Dilakanakeunana ieu kahajang atawa henteu, eta mah koemaha timbangan noe ngatoer desa bae.

Memang ieu kahajang teh katjida hadena, tapi gede waragadna !

—o—

### Ti Garoet

**M o e l o e d   N a b i**

Dina malem Salasa noe kakara kaliwat di sakola H. I. S. m/d Qoer'an di Regol Garoet, geus diajakeun moeloedan koe P. S. I. I. tjabang Garoet, kana ieu moeloedan moal koerang ti 200 djalma noe daratang.

**C u r s u s   A. B. C.**

Koe tarekahna Bestuur Pagoejoeban Pasoendan tjabang Leles, di eta tempat baris diajakeun keurseus A. B. C. pikeun djalma noe hajang bisa matja djeung noelis. Ari bajaranana henteu ditangtoekeun, sakarepna bae, sanadjan henteu majar oge, anoe henteu boga mah nja teu naon-naon.

Nja kitoe deui, sanadjan anoe majar oge, doeitna lain keur goeroe, tapi baris dipake ngabantoe kana kaperboean H.I.S. & Schakelschool Pasoendan.

Saha noe rek miloe diadjar geura njarita ka Bestuur Pasoendan Leles.

**B a l e   d e s a   l a i n   n o e   A f d.   B a n k   G a r o e t.**

Bapa Doblang mere bedja jen di bawahan Garoet, oenggal oenggal waktoe mere indjeuman atawa kaperloean noe sedjen antara Afd. Bank djeung somah, sok make Bale desa, tapi ieu teh sakapeung mah tara badami badami atjan djeung noe ngoeroes desana sok soemawonna ari djeung somah mah, kapan eta Bale desa teh noe desa, hartina noe somah, sagala ongkosna tangoengan somah, dina karoeksakan somah noe koedoe ngaloearkeun doeit keur ngahadeanana, tjindekna sagala onderhoud djadi tanggoengan somah. Kari kari dipake koe Afd. Bank noe sakitoe kerepna henteu ngaganti karoegian sapeser petot.

Bener Bank teh beunang diseboetkeun noeloengan somah, tapi oelah poho kapan Afd Bank oge meunang kaoentoengan ti somah, djadi meudjeuhna bae lamoen eta Bale desa teh aja sewaanana.

Anoe koemawasa ngidinan hartina saroea bae djeung ngaroegikeun ka somah.

—o—

### Ti Bandoeng.

**K a h o e r o e a n.**

Henteu atjan sakoemaha lilana di kampoeng Tjiboerial desa Tjiaro bawahan Tjitjaleng ka Bandoeng, kira poekoel 12 beurang geus aja kahoeroean, noe mimitina ti imah Madsanoeti lantaran koerang ati ati.

Koe lantaran harita henteu pati aja djalma noe noeloengan nepi ka ngalentab ka noe sedjen nepi ka beak tiloe imah. Oentoengna bae katjilakaan djalma mah henteu aja, tapi 4 embe dina kandang henteu katoeloengan, kapaksa kabeuleum hiroep hiroep Karoenja !

**B a n g s a t   d o m b a.**

Dina malem Saptoe noe kakara kaliwat, tengah peuting imahna Madsoekri di kampoeng Tjiaro geus kadatangan tamoe noe teu bebedja heula. Balikna eta semah mawa domba noe di koeroeng. Bab ieu geus dilaporkeun ka politie, ajeuna eta bangsat domba keur dirangan keneh. (W.)

**P a s a r   D a j e u h   k o l o t.**

Sawatara waktoe katoekang dina Sipatahoenan geus dimoeat bedja. R. R. keur njieun pasar di Dajeuhkolot. Ajeuna ieu pasar teh geus meh anggeus, ngan kari tembok ti handap bae anoe atjan rampoeng teh. Adeganana aja opat, sarta nja potongan nja roepana djaoeh leuwih hade ti batan anoe geus aja, pasar desa

Meudjeuhna da doeitna oge moal saroea !

**T e m p a t   m a e n b a l   d i   B a n d j a r a n.**

Saperti tempat tempat noe sedjen anoe henteu sabaraha djaoehna ti Bandoeng, tina hal maenbal mah Bandjaran teh katjida kadjodiona, babakoena koe pakoempoelan² maenbal ti Bandoeng. Katjida hadena, lamoen tempat noe kaseboet di loehoer teh ngabogaan lapang anoe sakadar basadjan, kitangbara bisa njoemponan samistina teh. Noe ajeuna dipake (sloen sloen) pohara henteu toemaninahna, djaba ti roepek teuing kawas paranti boedak teh, di tengah-tengahna aja djalan dikeusik.

Noe ahli resep kana maenbal perloe narekahan.

**L a m o e n   d j a o e h   t i   k o t a.**

Di dajeuh atoeran toetoempakan teh pohara diralingakeunana koe poelisi. Taxi oepamana, noe roetkeun koemaha gedena, noe toempak teu meunang ngaleuwihan lobana pangdioekan.

Koeda, boh koeda delman, boh koeda roda, katjida ditangtajoengananana, bisi beurat teuing pagaweananana, soemawonna djeung seubeuh koe paneunggeul mah. Tapi nja eta atoeh, kaamanan teh tjan lega ambahanana. Antara Bandjaran djeung Pangalengan, henteu sakoemaha djaoehna ti tempat anoe kaseboet ti heula, poé Rebo kamari lebah djalan nandjak toer mengkol, aja hidji delman (koeda hidji) ditoempakanana koe djalma ka d a l a p a n boedak. Sanadjan meh meh teu koeateun oge, lantaran djaba ti beurat teh djeung nandjak deui, koe mas koesir dipaksa bae teu daek toeroen toeroen atjan.

Telenges !

**O e s o e m   n g o m e a n   d j a l a n.**

Sigana bae meh di oenggal tempat djalan dipadjoe diharadean. Sawatara waktoe katoekang, lamoen oerang njaba ti Bandoeng ka Pangalengan, pohara loba karisina, lantaran djaba ti loba kandaraan saperti: autobus, vrachtauto, mobil djeung roda, anoe moendar mandir Pangalengan. Bandoeng, katambah djalanna poengkal pengkol djeung nandjak moedoen, komo dina rek nepikeun ka Pangalengan mah.

Ajeuna djalan anoe kaseboet di loehoer teh eukeur ditoengtoetan dihaden, lebah Tjipinang (Tjikalong) deukeut simpangan Lamadjan djeung geus deukeut ka Pangalengan Handjakal, djalan ti dieu noe teroes ka sitoe Tjileuntja sakitoe kadjodjohna teh djaoeh keneh kana oeunang diseboet hade, keusikna baradag djeung noempang. Oesoem halodo aja meueusan, tapi lamoen hoedjan matak risi.

**N a h a   s i t o e   T j i l e u n t j a   r e k   d i t a j o e b k e u n ?**

Ka sitoe noe kaseboet di loehoer sigana langka noe bireuk, poegoeh nja ieu pisan anoe njajangan kota Bandoeng teh (djeung Dago ?) Tjek bedja anoe beunang diperdjaja, koe Walanda anoe njewa sitoe Tjiboerоej (Groeneveld ?) Tjileuntja teh dipelakan roepa roepa lauk, dina taoen 1928.

Tangtoe maksoedna mah keur pesikeuneun.

Tapi, naha sitoe Tjileuntja bisa ditajoebkeun ?

Kapan tjaina dipake ! Atawa bisa djadi lamoen moal dirotan heula mah.

**T j i l a k a   t i n a   m o t o r**

Poé Rebo kamari, kira kira djam satoe, di poedoenan deukeut Pangalengan, keur madjoe ka Bandoeng aja noe tjilaka tina motor. Hidji djalma ngaran Mohamad Koerdie, oerang Pangeran Soemedangweg (Bandoeng), keur toempak dina duozit di ieu bah poedoenan anoe kaseboet di loehoer. soekoena noe beulah kenija (roepana) tisoledat, asoep kana djari djari motor, sarta nepi ka kagentjet.

Hadena bae soekoena henteu nepi ka boentoeng, malah sapatoena pedjet. Harita keneh noe tilaka dibawa ka roemah sakit Randjabadak, ngadon dioebaran.

**N a o n   l a n t a r a n a n a ?**

Tjek bedja anoe beunang di pertjaja, sakitoe rongkahna iring iringan moeloed (28 Juli), perkoempoelan oelama, A. H. T. djeung sakola Agama Basjariah (Lengkong) mah teu pipiloeeun.

Naon lantaranana, teu aja noe njahoeun. Naha sieun doemeh ajeuna tjek soerat soerat kabar keur aja baekotan barang Itali ? Is sanes deui ieu mah adjengan !

**T a r i k n a   d j a m a n   t i g e r a t.**

Koe soesah mah, djalma teh henteu aja ras-rasan sanadjan ka boedak oge henteu boeroeng bae hajang nipoe sarta ngarah ngarinah.

Hidji djalma indonesier noe dangdananana pantes oge, geus menta diladangan roedjak 4 piring pangadji saketipeun, ka hidji boedak noe keur dagang roedjak. Waktoe eta boedak keur njieun roedjakna, eta djalma teh menta ngindjeum heula doeit f 0.75 (tiloe talen) keur majar barang di hidji toko, noe koe manehna bari ditoendjoek. Koe sabab boedak teh bogana doeit beubeu nangan dagang ngan f 0.60 (genep ketip) nja eta bae dibikeun kabeh.

Eta djalma toeloej nitah ka boedak soepaja eta roedjak di bawa ka toko sarta engke dibajar di ditoe sakalian djeung noe genep ketip tea.

Barang boedak mawa roedjak ka toko tea, eta djalma teh geus ngiles henteu kanjahoan ka mana inditna. Katjida nepi ka iklas nipoe ka boedak !


**Na-Congresnummer PASOENDAN**
djilid ka I.

Eusina parenting bab Pasoendan sareng Congres tea di Bogor. Ieu teh djadi lampiranana Jaarboek anoe parantos disebarkeun ka elid-elid dalah ka anoe sanes oge. Anoe teu atjan ngamaranah, perloe enggal-enggal.

Disajagikeun di
KANTOOR PASOENDAN
a ka
**Toko Boekoe Pasoendan**
— Tasikmalaja. —

# Wawakil Pasoendan di R. R. Tjiandjoer.

Tjamboek seueur tjeulina; tjan sabaraha lilana geus ngeng deui aja kabar angin anoe matak hemeng tina hal wakil Pas. di R.R. Tjiandjoer, Djrg. Wirasendjaja goeroe di H. I. S. tea.

Sahidji noe ngakoe djadi lid Pasoendan tjatjarita ka babatoeranana kieu tjenah; wakil oerang di R. R. optredenna, djeung critiek-critiekna sok matak njentoeg, malah bedjana eta djalema noe njarita teh make ketjap basa Perteges, „onhebbelijk" asana. Kahajangna ieu djalma wawakil oerang teh, lamoen aja hal-hal anoe rek di aanvaal atawa rek dicritiek, koedoe ngadeuheus tjenah ka noe djadi poersiter R. R. teh ter bespreking van de masälah masälah tea, oelah djeploek-djeploek dina pagadreng, tjenah, komo tjenah basana koedoe lemah lemboet pisan.

Madjar teh koedoe ngahidji, ngahidji dina naonana, Agan?

Koe sim koering tjan kaharti!! Tah ajeuna koe sim koering rek diterangkeun djeung dipedarkeun, naon sababna ieu djalma koe sim koering rek diseboet „ngatjo of ngalindoer".

I. Djoeragan teh siga-sigana bae atjan terang ditoedjoeanana toedjoeanana atjan tina perkoempoelan Pasoendan.

II. Djrg. tjan terang naon maksoedna R R., meureun kakara terang diadegananana woengkoel, ngadjegna di deukeut aloen-aloen tea.

III. Djrg. teh tjan terang kana hartina Partij disipline.

IV. Djrg kakara boeloe koe moeoer dina kalangan pergerakan, da boektina tina sagala hal noe patali djeung Pergerakan Pasoendan djrg. tea terang.

Geura bae regepkeun:

Lamoen wawakil Pasoendan ngadeuheus, memperhintjangkan hal-hal anoe rek dikiritik atawa di-aanval, tangtoeh pasalia pisan djeung maksoedna Pasoendan, sabab I mitjeunan tempo, II euweuh goenana keur oemoem, oepama sagala dikedemek koe wakil djeung poersiter mah, djadi Rajat meureun keukeuh poëk kana oeroesan nagara. III mere pakarang ka partij sana, mere kalonggaran keur mikir mikir, koemaha pidjawabeunana („Een gewaarschuwde tegenstander is tweemaal zoo gevaarlijk").

Tegenstander dina politiek, lain dina „dagelijksch leven".

Kadjaba oepama eta wakil tea ngarah ngarah soegoeh mah, tapi ieu berbahaja keur ngaran koempoelan Pasoendan, sabab sahenteuna lamoen geus karasa mindeng[2] teuing mah samisna, meureun djadi matak diseboet „harianeun en ondankbaar" deui lamoen ngiritik deui ngiritik deui teh. Poegoeh, lamoen euweuh kiritikeunana mah, moal djadi kabeuratan, tapi koemaha da geuning rea pisan anoe nog niet, zoo als het wezen moet teh, anoe wadjib ditjempad, sabab patali djeung kaperloean en ka boetoeh si leutik.

Lamoen model kitoe koedoe dibadamikeun goeareun R. R. mah, atoeh leuwih hade oelah aja R. R., djang naon goenana, mitjeunan doeit woengkoel

R. R teh aja eta hidji badan tempat ngabarempoegkeun saga la masalah noe patali djeung R jat.

Pangna pagadreng pagadreng na openbaar oge, nja eta soepaja si leutik noe leukeun, bisa ngadengekeun, naon[2] anoe patali djeung nasib maranehanana.

Ari Pasoendan noe ditoedjoe nja eta kahardjaan Rajat, djadi geus tangtoe pisan hal hal anoe matak toegenah si leutik koe Pasoendan dioeroeskeun.

Lamoen ieu djalma bener kana noetoerkeunana pagadreng-pagadreng R.R., geus tangtoe njaho kana djasana Pasoendan di R.R. keur kaperloean oerang Tjiandjoer sakoemna. Lain saeutik Pasoendan nembongkeun hoentoena di R R, lamoen aja naon naon anoe matak toegenah Rajat, lain pagawean kaum anoe diagoelkeun koe djrg anoe mem bela oerang Tjiandjoer teh, anoe geus berdjasa keu Tjiandjoer sakoemna teh, tapi „Pasoendan".

Perkara ketjap ngahidji poegoeh aloes tapi koedoe pikir neula sing pandjang, dina „politiek" mah onmogelijk bisana ngahidji djeung djelema djelema anoe haloeanana sedjen teh, ari ngahidji dina dagelijksch leven mah, taja halangauana.

Toedjoean ieu djalma lain toedjoean „Pasoendan", tapi toedjoean T.B.T.O., toedjoean kaom „Z"(olat), toedjoean lijnrecht tegenover „Pasoendan", toedjoean anoe Pasoendan mah dibatʼd keun pisan, disaroeakeun djeung pest, koedoe disinglar.

Bisi tjan terang, pelitiek deungeun mah berdasar: „Right ar wrong mij countrij".

TJAMBOEK

## Ti Tjiandjoer

### Pilihan Loerah.

Henteu atjan sakoemaha lilana di desa Tjikantjana o/d Waroengkondang (Tjiandjoer) geus aja pilihan Loerah pikeun ngganti Loerah noe eureun. Tjalon pilihcun aja 4 djalma, sarta somah aja 284 djalma noe baroga milih, Kadjadian ieu pilihan, noe kapilih teh djrg. H. Hasanoedin (Klezer).

### Desa Tjikangkareng

Dasar geus riboet ti tadina keneh, ti samemeh aja pilihan Loerah di desa Tjikangkareng o/d Tjibinong (Tjiandjoer) nepi ka ajeuna henteu boeroeng dijadi tjarita bae. Sanadjan enja oge Loerah noe ajeuna teh anjar keneh, tapi somah di eta desa rea noe ngarasa toegenah, tjenah rea kadjadian noe soelaja djeung dina waktoe pilihan. Bisi bae enja, asa katjida perloena noe wadjib daek nalingakeun bisi matak nambahan ka toegenahanana noe djadi somah.

Dina mariksa noe kieu, henteu aja deui djalan noe panghadena, iwal ti koedoe torodjogan ka somah bae. (Bapa Oewin)

### Irrigatie di Tjiandjoer.

Ajana Irrigatie teh, tangtoe matak ngaboengahkeun ka sarerea babakoena pisan patani, tapi pikeun di Tjiandjoer mah, eta pagawean teh henteu atjan karasa ngeunahna toeroeg toeroeg rea pisan pikahandjakaleunana teh. Boeksan leiding Tjiraden noe aja di djero kota, kapan tembokanana babari rempag rea noe aroeroeg, padahal ieu pagawean teh henteu atjan sakoemaha lilana.

Tapi keun bae ieu mah teu koedoe djadi tjarita pandjang, ngan koe atoeran ngabagi bagi tjai katjida henteu matak soegemana ka kaoem tani teh, pada hal bareto geus aja kaol lamoen atoeran ajeuna henteu ngeunah baris make atoeran beubeul deui.

Tjenah eta atoeran cultuurplan noe ditetepkeun koe komisi koe doe ngamimitian tebar teh dina tanggal 15 September. ieu atoeran ajeuna karasa henteu ngeunah, sabab rea pisan njoesahkeunana. Koe sabab eta, asa katjida perloena ieu atoeran teh koedoe aja robahanana kalawan babadamian heula djeung kaoem tani (Castor Olie).

—o—

## Ti Soekaboemi.

### Miss Riboet.

Tanggal 22, opera noe kaseboet di loehoer geus ngamimitian mintonkeun kabinangkitanana. Sanadjan peuting harita hoedjan noe lain loemajan, tapi teu boeroeng bae gedong bioskop noe sakitoe gedena teh mani djedjel.

Sok komo moen lain oesoem maleseu.

### Succes voor Pasoendan.

### Examen Klein-Ambtenaar di Soekaboemi.

Kana ieu examen aja 24 oerang noe miloe. Diantarana 11 oerang Avond-Cursus Pasoendan.

Tina 11 oerang teh noe loeloes 6 oerang ± 54 %Ct.

Hidji hasil noe beunang diseboet hade, lantaran keias panoetoep teh kakara 4 boelan djalan.

Tjatjakan moen examenna saperti biasa dina boelan December, meureun leuwih ti kitoe.

Ngiring bingah.

### Ngomean kampoeng.

Gemeente Soekaboemi ajeuna keur ngomean djalan-djalan di kampoeng. Noe keur dihantja kampoeng kaoem. Sanadjan teu di aspal saperti loeloeroeng-loeloeroeng di Bandoeng, sakitoe mah beunang diseboet hade.

Ajeuna mah moen hoedjan teh moal djeblog teuing moen pareng koedoe kaloear ti imah. Koehal ieu oerang Soekaboemi katjida boengahna, boga rasa aja goenana miloe majar belasting teh.

### Rea hoedjan

Sanadjan ajeuna saenjana keur tengah tengahna katiga, di Soekaboemi mah rea bae hoedjan teh. Waktoe waktoe ieu mah mani oenggal sore. Tapi sakitoe hoedjan teh ari Miss Riboet mah pinoeh pinoeh bae.

Maleseu ?!?

### Partij Cursus Pasoendan

Saboelan doea kali, nja eta dina Rebo ka 2 djeung ka 4. Pasoendan Soekaboemi ngajakeun partij cursus tempatna di sakola Pasoendan. Noe ajeuna keur diaroelik nja eta tina hal „Staatsinrichting". Ti sabarang aja partij cursus, noe menta djadi lid beuki loba bae.

### Lalamoenan.

Lamoen koering djadi tangan tangan Pamarentah, kajaning djadi mantri recherchedienst oepamana, koering rek „huichelen." Koering rek djadi lid Pakoempoelan pakoempoelan pangpangna pakoempoelan pakoempoelan politiek. Lamoen koering geus djadi lid mah tangtoe babari moen rek „njapion" teh, da boga bewijs van lidmaatschap.

Di loear koering rek poera poera mihak ka rajat, soepaja diandel.

Koering terang jen kalakoean kitoe teh lain kalakoean „lalaki," tapi koemaha atoeh. Moen teu kitoe mah koering moal kapake. Mingkaning koering mah ponara hajangna kapake teh. Geuning batoer koering ge geus djadi tjamat ajeuna. Oepama geus hasil mah gampang. rek kaloear deui bae tina pakoempoelan pakoempoelan teh. (Si Toelak)

### Oesoem „Ontgrooning"

Sanadjan Cultuurschool di Soekaboemi teh lain sakola loehoer, sakadar sakola teroesan (uitgebreid leger-onderwijs), tapi ari noe djaradi moerid-moeridna mah dina tingkah lakoena teu beda djeung „Studenten".

Boektina make aja ontgroening sagala, kawas di sakola loehoer. Nja ari saoekoer di sakola mah teu sakoemaha. Tapi ieu mah geurabeun. Kamari koering ningal saaleutan moerid coltuurschool, ngabring ngabring i djalma didangdanan tjara noe gelo. Panjana teh enja bae noe gelo, sihoreng batoerna noe keur „diontgroen" tea tjenah. Disleut aleut ka kota, djeung koedoe gegeloan.

Tjing, atoeh, soekan-soekan mah koe noe lain deui bae, noe leuwih leuwih aloes. Ari nepi ka koedoe gegeloan di djalan gede mah, asa katjida teuing.

(Si Toelak).

### Openbare Vergadering di Tjibadak.

Poé Ahad tanggal 26, Pasoendan Soekaboemi, geus nileun openbare vergadering di Tjibadak. Tjatjakan kota leutik mah teu woedoe bae rame. Noe datang ± 500 djalma.

Rea koempoelan koempoelan noe ngirimkeun oetoesan; di antarana katingal oetoesan oetoesan ti Pasoendan Djakarta, Bogor. Wakil H.B. djr. Moehjidin.

Di Tjibadak diadegkeun kring Pasoendan, malah rek sakalian ngadegkeun H.I.S. Pimoerideunana bedjana njoempoenan.


oo TOKO BOEKOE oo

**Pasoendan**

oo TASIKMALAJA. oo

| | |
|---|---|
| Banteng Indonesia . . | f 1.50 |
| Jaarboek Pasoendan (2 dl) | f 1.— |
| Soengkeman Geloeng . | f 0.30 |
| Djajasampoerna . . . | f 0.25 |
| Sagara tanpa tepi . . | f 0.30 |
| Lohmahfoed . . . . | f 0.15 |
| Panoengtoen Djalan Oesaha tina roepi[2] padamelan | f 0.30 |

Sadaja parantos sareng ongkos.


# Indonesia

## Saeerang matros titeuleum.

Aneta ti Soerabaja mere bedja, peuting Kemis anoe geus kaliwat saabroelan matros geus pelesir ka Oedjoeng deukeut moeara kali Mas. Waktoe maranehna toempak veervont ti Oedjoeng rek ka Tandjoeng Perak, salasa oerang matros lantaran datangna elat geus loentjat kana kapal, tapi dasar keur sial, manehna tikosewad sarta tiketjeboer ka waloengan. Koe sakeudeung oge manehna geus titeuleum sarta sanadjan gantjang ditoeloengan oge henteu bisa katoeloengan. Nepi ka ajeuna majitna atjan kapanggih. Matros anoe kaseboet di loehoer ngaranna van R. (B.T.)

—o—

## Rechthoogeschool.

Geus loeloes oedjian candidaatsexamen bagian kadoea, para Djrg: Mohd. Nasroer, R.M.M. Soema di Pradja, Soebana djeung B. L. van Beugen.

—o—

## Majit saha?

Henteu atjan sakoemaha lilana di waloengan Tjitandoej di palebah kampoeng Manganti dessa Sendangangin. (Melewoeng) hidji djalma geus nendjo majit kaampoel ampoel koe tjai.

Eta majit toeloej diangkat ka darat, sarta noeroetkeun papasanana mah djiga lalaki oerang Djawa. Nepi ka ajeuna henteu atjan aja noe njaho, saha djeung oerang mana ieu djalma teh, nja kitoe deui koe naon lantaranana pingna majitna aja di tjai, henteu aja kateranganana. Ieu majit dipasrahkeun ka politie toeloej dibawa ka roemah sakit Tjiamis pikeun dipariksa.

Djiganа bae ieu majit teh geus lila aja di tjai, sabab awakna geus boeroek sarta soekoena noe katoeho kari sapotong, koe sangkaan mah ieu djalma teh disered koe boehaja.

—o—

## Oerang Selebes kidoel dihina.

Dina soerat kabar „Contact" orgaan I.E.V. afd. Makasar anoe ka loearna masih anjar keneh, noeroetkeun „Berita Baroe" dina soerat kabar noe kaseboet di loehoer geus aja hidji hinaan ka bangsa Boegis Makasar anoe oenina kieu: „Bangsa Boegis Makasar bodo saperti sato."

Sarerea tangtoe ngarasa heran, nepi ka aja hidji soerat kabar pagoejoeban djalma sopan, masih boga tabeat ngarendahkeun djeung masih daek ngahina bangsa sedjen.

Nja kitoe deui toean Nijs redacteur eta soerat kabar, anoe ngabogaan kwaliteit sopan masih keneh daek ngoebrak ngabrik kabangsaan. Van Nijs henteu pantes boga adat kitoe, lamoen manehna ngingetkeun tjitjing di eta tempat teh nea ngan hakaneun, geus djadjaoeheun daek moelang tarima ka oerang dinja.

Koe ajana eta hinaan ka bangsa Boegis Makasar dina soerat kabar Contact, tangtoe sarerea hajang njaho, koemaha tintjakna pamarentah atawa naon noe rek dirjokot. Naha pantes toean Nijs hidji journalist anoe geus ngahina oepama didjiwir tjeulina ka Justitie?

—o—

## Sakitan di boei Tjipinang pada ditaradjang.

Noeroetkeun tjaritana hidji djalma anoe anjar datang ti boei Tjipinang lantaran persdelict, oenggal hoekoeman di dinja ngan meunang sasetel pakean boei anoe pondok. Eta pakean dina saminggoe sakali koedoe diseuseuh sarta isoek isoek pisan koedoe geus rapih, sanemehna eta pakean garing si hoekoeman koedoe noenggoe kalawan ditarandjang. . . . ngan koemaha oepama hoedjan tangtoe eta pakean lila baseuh, kapaksa koedoe noenggoe lila kalawan ditarandjang tea.

Djalma anoe rek diasoepkeun ka boei koedoe dipariksa heula koe docter. Barang rek gebloes pisan ka kamar, pakean koedoe dioedaran heula nepi katembong sabeuleugeundjeur badan . . . .

Lamoen ieu kadjadian ngan dihareupan koe docter woengkoel teu djadi naon naon, tapi djalma djalma hoekoeman sanggeus ditarandjangan, sina baris ditendjo koe sakitan sakitan sedjen, oepas djeung opzichter.

Hal ieu tangtoe matak ngaganggoe kana rasa kamanoesaan djeung kasopanan.

—o—

## S.T.O.V.I.A.

Loeloes dina oedjian Ind. Artsexamen bagian kahidji, toean W.R.R. Poetiray (Saparoea).

Diangkat djadi Ind. arts Djoeragan M. Soedarso [Patjitan].

—o—

## Ringgit palsoe.

Di sababaraha kapal anoe ba laboeh di Tandjoeng Prioek, tjek Aneta, Douane geus bisa nangkep ringgit palsoe reana 97 siki. Doeit palsoe anoe kaseboet di loehoer katjida aloesna (sampoerna), nepi ka hidji kassier henteu bisa gantjang ngabedakeun djeung doeit toelen, pang kieu teh bisa djadi dina logamna henteu aja bedana djeung doeit toelen. Poeblik masing awas!

—o—

## Rechtshoogeschool

Loeloes dina oedjian candidaatsexamen bagian kahidji toean-toean: J. Zeijlemaker, I. Goesti Made Koene, djeung Ch. J G. Overbeek Bloem.

Loeloes dina oedjian candidaatsexamen bagian kadoea toean toean: Goesti Koet Poedja djeung Tjia A. Tjae.

—o—

## Kapal botjor

Deukeut palaboean Belawan hidji kapal loods geus kadjadian botjor sarta kaleboeh. Pakakas radio gantjang dipasang, teu lila djol kapal „Pief" noeloengan. Eta botjor dilantarankeun koe pipah anoe ka loear. Oentoeng koe oesahana kapal „Pief", kapal noe kaseboet di loehoer geus bisa katoeloengan. (B. T.)


**Seratkeun!**

Dina bade ngintoekeun artos No. Abonne (langganan) dina strook postwissel.

Adm.


# Sport

## Voetbal.

### Tjiamis contra Leles.

Poé Salasa kamari [pasosore] di lapang Leles geus ditandingkeun antara v.v. Tjiamis contra Leles.

Barang proeng maen kakara oge mementian, bulna hitoe sarta koe lantaran teu aja serep kapaksa koedoe noenggoe nepi ka aja 10 menitna leuwih.

Uitslagna tina ieu pertandingan, Tjiamis oenggoel djoeritna 1—0.

—o—

### Bandoeng-Garoet.

Poé Salasa tanggal 28-7-31 di lapang Haoerpanggoeng Garoet geus diajakeun pertandingan Voetbal antara Bondselftal Garoet contra Bondselftal Bandoeng, kadjadianana 2-1 pikeun pameunangna Garoet.

—o—

### Tjirebon-Garoet.

Engke dina poé Minggoe tanggal 2 Augustus 1931 di lapang Haoerpanggoeng Garoet baris aja pertandingan Y. N. H. kampioen Tjirebon contra Olypia kampioen Garoet.

Dina poé Senen 2 Augustus 1931, Y. N. H. contra Siod (Garoet).

Ieu pertandingan pareboetkeun vaandel medaille noe di hadiahkeun koe toko „Batavia" di Garoet.

—o—

### Di Singaparna.

Ngantet djeung ajana lapang anjar di Singaparna, geus diajakeun pertandingan maen bal, sarta club club noe diadoekeun saperti ieu di handap:

Djoemaah tg. 24 Juli 1931 — v. v. Svicker (Kalangsari) contra Sinar Galoenggoeng (Singaparna) 3 — 0.

Saptoe tg. 25 Juli 1931 — S. V. C. (Garoet) contra Siliwangi comb. Pendawa (Singaparna) 1 — 1.

Minggoe tg. 26 Juli 1931 — Olymvia [Garoet] contra S.V.C. (Singaparna) 1 — 3.

# Kawat

tina s. s. k.

## NEDERLAND.

### Kembang kariboetan.

Venlo, (Aneta Nipa). Aja tiloe poeloeh mobil anoe ditempelan koe kertas sarta ditoelisan anoe oenina „Christus keur Limbrurg Limbrurg keur Christus," oge sababaraha prihoemi Tegelan geus tinglalimboeng di djalan Limbrurg, maksoedna rek ngadu tsngan liden Vrijdenkervereeniging „Dageraad".

Leden pagoejoeban noe kaseboet di loehoer, ka toekang geus ditjaritakeun, jen geus datang ka station, maksoedna rek ka Amsterdam.

Koe actiefna politie geus bisa njegah eta kariboetan.

### Paviljoen Walanda di Parijs.

Parijs, (Aneta Nipa). Paviljoen Walanda anoe anjar dina tentoonsteling di Parijs rek diboeka dina boelan Augustus tanggal 10.

—o—

## INDIA.

### Ditangkep.

Bombay, (Aneta Nipa). Ajeuna bedja geus njebar. jen doea djalma pagawe spoor pangkat handap geus ditangkep, nja eta patali djeung anoe ngaroesoeh ka gegeden militer diantarana aja hidji gegeden militer anoe maot sarta ka toekang geus di wawarkeun.

### Gandhi ngadakwa toekang narik padjeg.

Surat. (Aneta Nipa Reuter). Gandhi geus ngirim soerat ka toekang narik padjeg, anoe maksoedna ngadakawa tina hal mereskeun padjeg tanah. Sanggeus ngirimkeun soerat, toeloej Gandhi nelegram ka Radja Anom, nja eta mere katerangan tina hal soerat anoe dikirimkeun ka toekang narik padjeg tea.

Bedjana Radja Anom geus menta ka Gandhi tjenah oelah ngahoedangkeun crisis.

—o—

## TIONGKOK.

### Bandjir.

Nanking, (Aneta Nipa Reuter) Sanggeusna raat hoedjan anoe katjida gedena, 4000 imah anoe roeboeh, 10.000 djalma anoe teu boga imah djeung kota kakeueum. Kota noe sedjen anoe deukeut ka Yangtse pada kakeueum.

—o—

## ABYSSINIA.

### Ras Tafari ngaleungitkeun boedak beulian.

Londen, (Aneta Nipa). Boedak beulian di Abyssinia geus dileungitkeun nja eta noeroetkeun hidji nasehat ti keiser Ras Tafari, oge ka Inggris dibedjakeun nja eta ka pagoejoeban anti boedak beulian. Koe taksiran moal koerang ti 2 millioen boedak anoe dimerdikakeun.

—o—

## SPANJE.

### Agent Sovjet Rusland noe njiliwoeri.

Madrid, (Aneta Nipa). Agent agent Soujet Rusland, nja eta anoe ngamimitian ngabidjilkeun kariboetan di Seville djeung Andalusia. geus katendjo sarta boektі loba soerat soerat ti Moskou anoe disebarkeun di doea kota anoe kaseboet di loehoer.


**PELET**

Pelet teh tjeuk noe achli achajoel mah naranti ngagantjangkeun kana hasilna kahajang oerang.

Dina ieu s.k. saban poé Saptoe diajaan advertentie noe laleutik, dina saban 5 regel

**F 1.-**

CONTANT.

Sing saha anoe palaj enggal ngitjulkeun barang atanapi naon bae, oelah lali kana advertentie PELET.

Kintoenan tekst salamina kedah disarengan koe artosna, anoe henteu, oelah bendoe oepami eta advertentie henteu di moeat.

*Administratie.*

# ADVERTENTIËN


## JODOSTICK

**Naon ari Jodostick?**

Oooh, JODOSTICK hidji landong anoe katjida mandjoerna pikeun roepi-roepi panjawat saperti:
— Raheut, kakadek, dipatjok Oraj, keuna —
— koe seungseureudan sareng sabangsana. —
Nganggona katjida gampilna eta raheut atawa noe oeroet diseureud tea, asal disoesoet koe JODOSTICK tangtos peurahna moal tiasa njaliara harita keneh
— — — tiasa sae deui — — —

**Pangaos hidji fles moeng f 2.—**

Tiasa kenging ti:

CHEMICALIEN HANDEL
V.H. TOKO NIC. MULLER
Goenoeng Ladoe 15 —o— Telefoon 26
TASIKMALAJA. 521



## Doea Kareta Mesin
**á Satalen parangko golodog.**

TOKO TRIO. parantos njajagikeun 2 kareta mesin weuteuh pikeun langganan Sipatahoenan anoe . . . . . . . . . satia.

Hidji noe ariasa ngintoenkeun kwitantie atanapi recu postwissel ka ADMINISTRATIE SIPATAHOENAN anoe dongkap ka sasih Juni 1931 teu aja toenggakan, disarengan koe parangko pangaos satalen.

Hidji deui keur ka anoe timpeh majar kwartaal ka-tiloe (Juli—September 1931), oge disarengan koe parangko satalen.

Kareta mesin mode kiwari, toer moeng koe artos doea poeloeh lima cent.

Hormatna
**TOKO „TRIO".**



## „De Gouden Ster" speciaal.

Limonade kloearan paling blakang. Lims crush, orange crusch dan lain-lain dari sarinja boeah jang toelen, dan dari aer djeroek betoel. Harganja ada beda sedikit, tapi kwaliteitnja tanggoeng menjoekoepi Boleh dateng minta tjonto boeat bikin
——— PERTJOBAAN ———

*Dengan segala hormat,* 523

**Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER"**
Tasikmalaja -- Telefoon No. 114.



## GRAMOPHOON & PLATENHANDEL
## „DE HARP"

Groote Postweg 66 — Filiaal Singaparnaweg 45
BANDOENG TASIKMALAJA

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean muziek, anoe ditanggel tiasa njoemponan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.
Roepi-roepi plaat gramophoon, sareng dina lagoe-lagoena oge ngabadja njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film, Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta

Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjarobi bae.

*Hoermatna*
*noe ngadjeng-ngadjeng.*

522



## Dokter H. HEERDJAN

Di djeroe djalan Tjitjendo djeung Kebonkawoeng
BANDOENG, TELEFOON No. 780.

Waktosna nampi tamoe (noe laland~~ong~~):

Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9.
Siang id. 4 id. 6.
520



## Galoenggoeng Drukkerij
Tasikmalaja

Tjitakan sareng roepi-roepi kantoorartikelen pikeun publiek Bandjar sareng sawewengkorna tiasa dipesen ka:

BESTUUR C. I. B.
(Cooperatie Istri Boemipoetra) BANDJAR.





KE.OF OEDENG
## HALIM
WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —



Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe nganggo endol alit ipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem
Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet tjitjepeti batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng henteu.
Kopeah bioedroe hideung sareng beureum, nia kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 oekoeran roepi-roepi. Kopeah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50 Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50. Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tjap korsi No. 1 f 3,25.
Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 524



## NEMBE DIBOEKA

Kangge ngagampilkeun kana saniskanten kaperloean langganan sareng tiasa enggal njoemponan sadaja pesenan, ngabadja ngawitan ti 1 April 1931. TEGELFABRIEK „NAJA" Tasikmalaja, ngajakeun filiaal di Soebang tempatna di Soekamenak. Ngadamelan roepi² tegel beton rooster (angin²) beton buis (koeloewoeng), padamelanana ditanggel ngabingahkeun toer pangaosna tiasa dibandingkeun.

*Noe ngadjeng-ngadjeng.*

**Tegelfabriek „NAJA"**
517 TASIKMALAJA — SOEBANG



## OSRAM GLOEILAMPEN

Jang soedah terkenal kakoeatannja lebih terang menjalanja dari laen-laen lampoe boeat listrict. Djoega disediaken boeat tarief D. jang pake tjentilan diatasnja.
Bisa dapet di 505

# TOKO TRIO
**Goenoeng Saheulah 27 - Tasikmalaja**



KANTOREN:
## R. Idih Prawira di Poetra
### RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
OEROES AN: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA
Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Tjimanoekweg No. 18
Bijkantoor di Tasikmalaja: di kantoor Sipatahoenan
Bijkantoor di Bandoeng: di kantoor Sipatahoenan,
— — Pangeran Soemedangweg No. 115. — —





## BANDOENGSCHE Chemische Wasscherij & Ververij
Stationsweg No. 30 naast GEREO
TASIKMALAJA.

### TARIEF
Boeat tjoetjil pakean Toean - toean (Njonja - njonja).

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 Mantel wool (gabardin) | f 2.— | f 2.50 | t/m | f 3 — |
| 1 Sjaal wool | | f 1.— | „ | f 1.50 |
| 1 Tjlana item | | f 1.— | „ | f 1 25 |
| 1 Stel Flanel | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Gabardin | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Wool | | f 2.— | „ | f 2.50 |
| 1 Stel Palmbeach | | f 1.50 | „ | f 1 45 |
| 1 Stel Singpek (Shangtun) | | f 1.25 | „ | f 1.50 |
| 1 Topi laken | | | | f 1.50 |

**BOEAT TJELEP**

1 Badjoe Europa . . . . . f 1.50 t/m f 3.—
1 Badjoe tjelep tambah toea f 2.— f 2.25 t/m f 2.50

**TISIK.**

—:— Bisa bedami doeloe, ongkos —:—
—:— menoeroet besarnja jang ditisik. —:—

555



**Thee SEMANGAT** 15 CENT PER PAK *Pesenan paling sedikit 100 pak. Boleh dapet dari Pasoendan Istri Bogor atawa Centraal Coöperatie Indonesia Bogor.* → *Hoofdagente* ***Roekmi Akil***


# IMPLIK-IMPLIK

## Noe asih dipoelang sengit

KARANGAN

*A. KARNA—WINITA*

No. 8

Bibina katjida reuwaseunana, reh sawatara poé ka toekang ma nehna tas ngindjeum doeit bank f 150,— palangsiang beak. Ari rek ditanjakeun harita teu wantoe neun, wantoe pasemonna mesoem bae, teu aja pisan beragna. Tapi manah bibina teu weleh ngage remet, palaj oeninga kaajaan Den Tata harita.

Tjeuk manah bibina: „Ah pi rakoe oepama tas ngandjang ti sobatna mah sakitoe ampleng-am plenganana, palangsiang eutas teu poegoeh, djeung pirakoe entas ngandjang mah boedina kitoe."

Ras andjeunna emoet ka sobat na, nja eta bodjona S. T. B. A.: „Ah keun, dimana isoek Tata geus indit ka sakola, koe aing rek ditanjakeun ka S.T.B.A tang toe manehna mah terangeun los losanana Tata dina poé Saptoe."

Sapeuting eta, koe bibina kada ngoeeun, Den Tata teh gedebag gedeboeg bae djeung teu eureun eureun dah dih-doeh, koe bibina disampeurkeun sarta ditanja: „Koe naon Djang, geuning dah-dih-doeh bae?"

„Ah teu koe naon-naon," dja wab Tata.

Kotjapkeun isoekna, sanggeus Tata indit ka sakola, djoeng bibi na poera-poera ngandjang ka is trina S. T. B. A.

„Aeh iboe," saoer Neng Ooh, istrina S. T. B. A.

„Mangga iboe di dieu tjalikna di lebet!"

„Mangga Eneng," bari soep bibina Den Tata lebet ka boemi.

„Ieu poegoeh iboe teh boetoeh koe binih bihoen, gadoeh pot hi dji masih kosong keneh."

„Mangga iboe, mangga, da bi nih bihoen mah seueur ieuh. Eng kang, ieu iboe moendoet bihoen!" saoer Neng Ooh ka rakana.

Rakana Neng Ooh, anoe bari ta noedjoe njerat, ti kamar noro djol njampeurkeun ka tengah boe mi, pok sasaoeran: „Mangga iboe palaj bihoen mah, engke oerang ngadjoeroeng si Meon ngalana mah."

„Aeh geuning Aden teh teu di damel, naha teu damang?" tjeuk bibina Tata.

„Ih ari iboe, apan ajeuna teh sanaos sanes dinten Minggoe oge noedjoe vrij abdi mah," saoer S.T.B.A. bari gek tjalik. „Koemaha iboe?" S. T. B. A. neroes keun saoerna; „parantos soemping poetra teh ti Bandjarna?"

„Toeh geuning da enja bohong na ki Tata teh, teu salah tina sangkaan," tjeuk manah bibina.

„Parantos, kamari taboeh ge nep." Naha tepang dimana Aden teh sareng poen anak?" tjeuk bibina Tata.

„Kamari dinten Saptoe taboeh doea, namoeng ari moelihna mah abdi teu terang, margi kamari dinten Minggoe taboeh genep pa rantos vrij abdi mah," tjeuk S. T. B. A.

Bibina Tata saparantosna nga leueut sareng dipaparin binih bi hoes, teras pamitan moelih ka priboemi.

Saoer Neng Ooh: „Oe'ah di tjandak koe iboe eta binih bi-hoen teh, keun engke koe poen Meon dianteurkeun!"

Sadjadjalan bibina Tata, manah na menlegeg, nalangsa kabina-bi na, naha atoeh boga anak koe-koetan teh salawasna ugan maen bohong bae. „Beu tjilaka geura eta boedak teh."

Katjatoerkeun Raden Tata.

Saban minggoe andjeunna sok angkat ka Bandoeng, saminggoe doea minggoe mah masih keneh kapoengan kanggo ongkos, kali-loe minggoena parantos seep. Ngantosan gadjih boedjeng boe djeng aja sesana, da tibatan nje sa mah kalah sok kakirangan.

Hidji mangsa koe lantaran an djeunna henteu kiat nahan ama-rah, keukeuh ngadjoedjoer rap soe bae, manah panteng hojong angkat ka Bandoeng, toengtoeng na oendjam-indjeum kanggo ong kos ka sakoer tatangga djak—djoek ka babah sareng ka Arab. Lami-lami sambetanana lain bae ngagoenoeek, namoeng ngagoe-noeng-goenoeng, moenggah rim bil ka sakoer noe kenal.

Dina waktosna nampi gadjih, noe nagih moenggah moeroeboel siga siraroe djadi, ngagimboeng di boeroeanana siga pisan keur kapapatenan, djaba noe koe soe rat. Den Tata katjida bingoengna manahna teu soeroed liwoeng sa reng gandroeng, toengtoengna me dal tjitangis, gabroeb ngarontok njoe'oeh kana pangkon bibina.

Tjeurik TATA

1 „Doeh bibi koemaha abdi,
hiroep teh seueur kasoesah,
hate abdi asa radjet,
horeng teh kieu rasana,
ari ngoembar amarah,
napsoe noe djadi kadoehoeng
badan anoe katempoehan."

Tjeuk bibina: „Tah mana bareto oge koedoe noeroet kan omong bibi, tjatjakan lamoen toeroet mah, moal kieu kadjadi nana," bari dioesapan sirahna.

*Teraskeuneun.*


## Pelet

Oepami hojong enggal madjeng peroesahaan djoeragan, kedal ti ajeuna ngalebetan advertentie
PELET F 1.— sakali moeat